



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REKÒ TRAJÈ METWO NAN PREMYE JOU LEKÒL  
POU LEKÒL PIBLIK VIL NEW YORK YO**

***Metwo yo te pote 3.61 milyon pasaje nan dat 9 septanm, pi gwo kantite depi mas  
2020***

***Rekò metwo a vini yon jou apre LIRR ak Metro-North te etabli rekò pasaje***

***Tren ak otobis yo te pote 5 milyon pasaje, pi gwo total konbine depi prentan 2022***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a tren ak otobis Vil New York te pote plis pase senk milyon pasaje nan premye jou lekòl pou lekòl piblik Vil New York yo. Metwo a te etabli yon rekò pasaje nan jedi 9 septanm, ki te pote 3,641,033 pasaje, yon ogmantasyon 34.8 pousan pa rapò ak jou ki konparab an 2021. Rekò yo etabli a se pi gwo jounen trajè metwo depi kòmansman pandemi COVID-19 la nan dat 12 mas 2020. Transpò nan otobis te rive nan nivo 1.4 jedi a, ak yon total preliminè 1,412,574 pasaje, ki espere ogmante apeprè 15 pousan lè kontaj pasaje yo fini.

"Mwen fyè de kantite pasaje ki bat rekò nou yo pandan n ap akeyi Nouyòkè yo k ap tounen lekòl ak nan travay semèn sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Transpò piblik se eleman vital Vil New York, epi nou pral bati sou pwogrè sa a pandan n ap kontinye travay pou nou retounen nan nivo transpò anvan pandemi an".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Elèv ak pwofesè yo fè pati pasaje ki pi fidèl yo. Nenpòt moun ki te grandi nan vil la ap sonje premye MetroCard yo pou yo pran tren oswa otobis ak fanmi yo oswa zanmi yo. Nou kontan fè elèv yo tounen nan transpò piblik epi nou ankouraje pwogrè pasaje yo te fè pandan premye semèn septanm nan."

**Prezidan Transpò Komen Vil New York (New York City Transit) la, Richard Davey, te deklare,** "NYC Transit te prepare pou retou elèv yo pandan tout ete a, e nou kontan paske yo retounen. N ap chèche fason pou ogmante frekans otobis yo ak tren yo epi redwi tan vwayaj yo pou asire tout moun rive lekòl alè pou premye peryòd la."

Rekò metwo a swiv yon pè rekò pasaje sou ray tren banlye yo. Long Island Rail Road la te depase 200,000 pasaje nan yon jou lasemèn pou premye fwa depi mas 2020, kote li

transpòte 203,983 pasaje 7 septanm lan. Nan menm jounen sa a, Metro-North Railroad te transpòte yon kantite rekò 179,268 pasaje nan mèkredi, sa ki depase rekò presedan wout ray la ki te etabli nan 28 jen avèk 174,900 pasaje.

Kòm preparasyon pou nouvo ane eskolè a, MTA te deplwaye otobis siplemantè nan tout senk minisipalite yo nan jou lasemèn pou rès ane lekòl la. Anplis de sa, MTA ap founi anbasadè kliyan nan Bronx pou ede elèv yo, fanmi yo ak moun k ap bay swen yo pou navige nan nouvo wout Restriktirasyon Rezo Otobis Lokal Bronx yo ki te kòmanse nan mwa jen. Anbasadè yo ap disponib pou kat premye jou lekòl yo, 8, 9, 12 ak 13 septanm.

MTA kontinye ankouraje itilize transpò yo avèk rabè sou tarif yo ke yo te lanse nan kòmansman ane sa a

Otorite a te lanse yon pwogram pilòt sou limit tarif sou metwo ak otobis yo atravè sistèm peman tarif san kontak li a OMNY ki mete yon limit sou tarif metwo ak bis yo chak semèn. Pwogram pilòt sou limit tarif la gen ladan yon opsyon "Luck 13" kote, apati 13yèm vwayaj chak semèn, chak vwayaj siplemantè nan metwo oswa bis yo gratis pou rès semèn sa.

Nan tren banlye yo, alafwa LIRR ak Metro-North te lanse òf tarif ki genyen yon rabè 10 pousan pou lese pase chak mwa yo, ak yon nouvo tikè pou 20 trajè ki adapte pou orè travay ibrid la. Nouvo tikè 20 vwayaj la ekonomize pasaje yo 20 pousan sou pri tikè maksimòm senp yo. Pou pasaje tren banlye yo k ap vwayaje nan senk minisipalite yo, MTA te elaji Tikè Vil la tou, ki ofri yon pri redui, inik 5.00 dola pou vwayaj tren nan Vil New York nan wikenn, pou enkli tout tren ki pa nan pik yo pandan lasemèn yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418